ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№244 (22.902) • 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 18, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

КIуэкIуэ Юрий теПсэлъыхьащ цIыхубэр зыгъэпIейтей Iуэхухэм

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъэгъазэм и 17-м яIущIащ республикэ, федеральнэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм. Илъэсым кърикIуахэм теухуауэ щыта пресс-конференцым республикэм и Унафэщ1ым къыщыхигъэщащ цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ1апIи 155-рэ КЪБР-м мы гъэм къриубыдэу къыдэрыщыгъэIуахынур.

- НОБЭМ ирихьэлIэу мэлажьэ щIэуэ яухуауэ е зэрагъэпэщыжауэ Iуэхущ1апIэ 90-м щIигъу. Узышагъэр хъумэн Iэнатlэм апхуэдэ ухуэныгъэхэр 13 щохъу (илъэсыр иухыху иджыри 40 ятынущ), спортым щыхуагъасу 8 (мы гъэм къриубыдэу иджыри 4), ныбжьыщIэ 640-м ятещIыхьа курыт еджапIи 3 (мы махуэхэм лэжьэн щIадзэнущ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIу 1125-рэ зэкIуэлIэну сабий Iуэхущ1апIэу 6). Сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ республикэм и театр нэхъыщхьащым я унэхэр, Курорт залыр. ПсэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм щауIыпщащ псыкIэ, газкIэ кьызэзыгъэпэщ ухуэныгъэу 6, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

Республикэм и Iэтащхьэм апхуэдэу жиIащ экономикэр ехуэхьныр къызэтрагъэувыIам и мызакъуэу, абы зегъэуэжьыжьынри къаззрехъулIар. «Зэкlэ къызэралытамкlэ, щIыналъэ валовэ продуктым и инагъыр сом меларди 117,6-м нэсащ, илъэс кIуам и иджы хуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, ар проценти 106,3-рэ мэхъу. Промышленностым и продукцэу нэгъуэщI щIыпIэхэм хурагъэщащ сом мелард 47-рэ нэблагъэ и уасэ, 2013 гъэм еплъытмэ, ар проценти 110-рэ мэхъу. МэхъумэшэжIыу республикэм кьыщалэжьащ сом мелард 35,7-рэ и уасэ (проценти 102-рэ), ухуэныгъэм - сом меларди 9,5-рэ (проценти 122,2-рэ), ятынущ псэупIэу метр зэбгъуэзнатlэ мин 327,7-рэ (проценти 112,7-рэ). Республикэм мы илъэсым инвестицэу кьыхалъьар сом мелард 30 мэхъу (проценти 130-рэ). Розницэ сатууэ ящIам хуэзэр сом меларди 100-м щIигъунущ (проценти 104,5-рэ)», - апхуэдэ бжьыгъэхэр кьихьащ КIуэкIуэ Юрий. КЪБР-м и Iэтащхьэм зэрыжIамкlэ, бюджетым и Iыхьэ псоми мы гъэм хуэзщIагъэуIэнущ сом мелард 12,4-рэ (проценти 124-рэ).

КIуэкIуэ Юрий къытеувыIащ промышленностым и Iуэху зыIутым, щхьэхуэу и гугъу ищIащ «Тэрчналмэс» заводым и лъэщагъым хэгъэхъуэныкъэ Тырныауз вольфрам-молиден комбинатыр зэрIэгъуэвжьныкъэ я Iуэхум федеральнэ Iуэхущ1апIэхэр яужь эзритым. Хьэрычэт Iуэху мыиным зыщIэгъэкъуэныр мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэхэм ящыщу къызэрилъытэр жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

«Дэ хьэрычэт Iуэхущ1апIэ курытхэм, мыинхэм, абы сэ унагъуэ хьэрычэт Iуэхукlэ седжэнт, къатещIэ гугъуехьэр зэрытлъэкIкlэ дгъэмэщIэн хуейщ. Щыгъэтын хуейщ абыхэм зэран яхуэхъуныр. Ахэр къэдгъэгугъэкlэ Iуэхур зэрIэдмыгъэкIыу, дэIепыкъуныгъэ хэха еттын хуейщ икIи Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм лъабжьэ зимыIэ я къэпщытэныгъэхэмкlэ абыхэм зэран зэрахуэхъур гъэувыIапхъэщ. Ауэ езы хьэрычэтыщIэхэри хабзэм тету лэжьэн хуейщ», - щIигъужащ КIуэкIуэм.

Абы къыхигъэщащ республикэм кьыщыщIагъэкI ерыскьыпхъэ лIэужьыгъуэхэмкlэ езым зыкъызэригъэпэщыжьын зэрыхуэзфIэкlыр. «КЪБР-м и мэкъумэш Iэнатlэм кьыщIигъэкI ерыскъыпхъэхэм я процент 20-р дэ зэгъуэщI щIыналъэхэм яхуедгъэшхэфынущ, абы ди фейдэ хэлъу къэтлыгъэмэ», - пищащ КIуэкIуэ Юрий.

КЪБР-м и Iэтащхьэм жауап яритащ республикэ, федеральнэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм я упщIэхэм. Абыхэм кьызэщIаубыдэрт республикэм и Iэнатlэ псоми щыщIэ щытыкIэр, цIыхубэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхуэр.

Пресс-конференцыр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ.

Уардэунэм хуэбгъэдэн гъэсапIэ

● Шэрэдж щIынатlэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъэгъазэм и 16-м Шэрэдж районым лэжьигъэ Iуэхукlэ щыIащ. Абы щыгъуащ республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ министр Тутыкъу Анзор, Шэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэ Муртазов Борис, Iуэхущ1апIэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

КIуэкIуэ Юрий апэщIыкIэ къыплъыхьащ Къэщкъэтау пэмыжьжьэу щауха футбол джэгупIэ Iэрыщ1ыр. Абы дыщынэсым, зэуэ гу лъытащ, щIымахуэ дыгъэ кьыкъуэпсыжам и бзий гуакIуэхэр ятепщIыпщIэу фащэ зэмыфэгъуэхэмкlэ зэщIыхуэпыкIауэ дахэу иувыкIа щIалэ цIыкIуэхэм. Абдежым республикэм и Iэтащхьэм кьыщыпежьащ ухуакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ.

Футбол джэгупIэр зэман кlэщIым зэфIагъэуващ. А Iуэхум хухахащ сом мелуан 12. Ар федеральнэ, республикэ бюджетхэм я мылькущ. Республикэм и унафэщIыр зыщIэупщIам и жэуапу къаIэлъэгъуащ зы махуэм къриубыдэу ныбжьыщIи 150-м щIигъум, балигри 100-м нэблагъэм стадионыщIэм зэрызыщагъэсэфынур.

ЗэфIэгъэкIа хъуахэм арэзы техъуэри, КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщащ футбол джэгупIэм адэкIи зрагъэужьын, зыгIэщIыпIэ, зыгъэпскIыпIэ пэшхэр яухуэн, зэхьэзэхуэхэм еплъыхэм тыншыпIэ къахуэзгъэпэщын зэрыхуейр, нэгъуэщIхэри.

- Гъунэ хъарзынэ ифIащи, апхуэдэу адэкIи евгъэкIуэкIыну дыфщогугъ, - жиIащ КЪБР-м и Iэтащхьэм.

Зэрэгъыж къуажэм кьыщызэIуаха фельдшер-акушер пунктым и Iуэхущ1афэм къыкIэлъыкIуэу КIуэкIуэм зыхигъэгъуэзащ, Iэщ1агъэлIэкlэмкlэ, зыхуей Iэмэпсымэхэмкlэ ар зэрызэхурикъум. Иджыри кьызыдэсым ФАП-р 60 гъэхэм яуха псэуалъэжьым хэтащ. Абы щыгъуэми мы жьлэм цIыху 1600-м щIигъу щопсэу. УхуэныгъэщIэм и фIыгъэкIэ зыхуей медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр дяпэкlэ абыхэм тэмэму ягъуэтынущ. Фельдшер-акушер пунктым хэтщ педиатр, терапевт, хущ1ъуэ щрахьэлIэ, махуэм щIэзэз пэшхэр. Иджы абы илъэсым цIыху мин 15-м нэблагъэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъыфынущ. Къэрал программэхэм ящыщ зым хьихьэу, ФАП-м санитар транспортыщIэ ираташ, спонсорхэм къабгъэдэкIыу иджырей телевизорым хуэдэ тыгъэ хуащIащ. Апхуэдэу КIуэкIуэ Юрий зригъэщIащ къуажэмрэ район центрымрэ я зэпыщIэныгъэр зыхуэдэр.

Зэман къиГуэтри, республикэм и Iэтащхьэм къуажэ библиотекэм и Iуэхущ1апIэхэм я Iуэхущ1апIэхэм зыхигъэгъуэзащ. Абы тхылъ мин 23-м щIигъу щахъумэ, екIуалIэхэр цIыху 600 мэхъу. КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщащ библиотекэм и унэр зэманым хьазыремызэгъыжьыр, ар егъэфIэкIуэн зэрыхуейр.

Жэмтхьэлэ Ищхьэрэ къуажэм тIысыпIи 140-рэ иIэу щауха сабий гъэсапIэм щыкIуам, республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ мы Iуэхущ1апIэр зэман кlэщIкlэ зэрызэфIагъэувар УФ-м и Президентым илъэс кIуам и накъыгъэм кьыдигъэкIа укъазэм хъарзынэу зэрыпэджэжьыр. Iуэхугъуэ кьудым хуэщIа унэм федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыщу сом мелуан 70-м щIигъу халъхьащ. Нэхъапэм жылэм щыщ цIыкIуэр я гъунэгъу къуажэхэм е районым яшэу щытамэ, иджы нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIэр кьыIахьыфынущ. Сабий гъэсапIэр зыхуей псомкIи кьызэгъэпэщащ. Абы хэтщ щыщIэгъу, гуфIэгъуэ Iуэхуэр щызэхашэ, музыкэм щыхурагъаджэ, жьыщIапIэ, ету тедзапIэ пэшхэр. Апхуэдэу медпунктрэ щIэзэз кабинетрэ яIащ.

Шынагъэнашагъэр кьызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэми КIуэкIуэ Юрий арэзы техъуащ. ПщIантlэм ихьуреягъкIэ зэрыкIэлъыплъ видеокамерэ 13 щагъэуващ, псэуалъэр зэрыщIыту ягъэнэху. И Iэшэлъашэр зэIуэзэпэщ ящIащ, сабийхэр щытеун парк цIыкIуи хэту.

КIуэкIуэ Юрий зэрыхагъэгъуэзащи, мы сабий гъэсапIэр зэратам и фIыгъэкIэ, Шэрэдж щIынатlэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуа и цIыкIуэхэм я процент 97-м Iэмал яIэнущ апхуэдэ Iуэхущ1апIэхэм екIуэлIэну. Ухуэныгъэр иригъэкIуэкIащ Жэмтхьэлэ кьуажэм щыщ Сокъур Олег зи унафэщI «Восход» ООО подряд организацэм. КЪБР-м и Iэтащхьэм абы фIыщIэ хуищIащ хухаха мыпкъур зэгъэзэхуауэ, фейдэ пылъу и чэзум кьызэрагъэсэбэпам пащIэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Ди налкъутналмэсхэр

● Гуфlэгъуэ зэхыхьэхэр

«Кабардинка»-р къофэ

«Кабардинка»-, «Ислъэмей»! А тIур зэпхащ я хабзэкIэ, щэнхабзэкIэ, гъуаздджэкIэ, зэгъусэу зы утыку щыплъагъунри фIыгъэшхуэщ. Апхуэдэ пшыхь дахэ вэсэмахуэ республикэм исхэм тыгъэ къыхуащIащ УФ-м и Правительствэм и саугъэтым и лауреат, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр зыхуагъэфэща. Адыгэ Республикэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и къэрал ансамбль «Ислъэмеймрэ» ди республикэр зэрыгушхуэ «Кабардинка» къэфакIуэ гупымрэ.

«ИСЛЪЭМЕЙМ» хэт уэрэджыIакIуэхэм я макъ гуакIуэхэмрэ «Кабардинка»-м и къафэ зэкIужхэмрэ гъэщIэгъуэныщ1эу зэщIэжьыуэу пшыхьыр екIуэкIащ. Зэрыхабзэу, «Кабардинка»-м игъэзэщIащ «Удж хэш», «Удж пыху», «Уэркъ къафэ», «Ислъэмей», нэгъуэщI къафэхэри.

«Ислъэмей» ансамблым лъэпкъ уэрэдыжь игъэзэщIахэм нэмыщI, иджы апэ дыдэу (нэгъуэщI зыщIыпIи щыжьамыIауэ) зы лэжьыгъэ утыку кьорихьащ. ЩIыгъуаз дызэрыхъуамкlэ, «Жащ гупсысэхэр» макъамэр гупым и художественнэ унафэщI, композитор Нэхей Аслъэн зэхилъхьащ Кавказ зауэм, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу. Уэрэдыр жаIащ КЪБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я артист Кьумыкъуэ Шамсудин, Кубань консерваторэр къэзыуха, гупым хэт Дыгъужь Iэсият, Щэмырзэ Къазбэч сымэ.

Пшыхьыр гуапэ, хьэпэмэт зэрыхъуар кьыхигъэщащ КЪБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. «Мы пшыхьыр зыльъэгъуэхэм ар куэдрэ дигу илъыну кьысщохъу, - жиIащ Къумахуэм. - Апхуэдэ гурыщIэхэр зыхьыдзэзыгъэщIа «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупым абы щхьэкIэ фIыщIэ яхуэзощI. НэгъуэщI псалъэхэр лейщ. Дэ сыт щыгъуи «Ислъэмейми» «Кабардинка»-ми пщIэ яхуэтщIынущ, сыту жыIэмэ абыхэм ягъэльагъуэм хуэдэ нэгъуэщI зы щIыпIи щыIэкъым. Пэжыр жысIэнщи, мыпхуэдэ концертым и ужькIэ, Iуэху дахэхэр, гуапэхэр пщIэуэ, дунейр бгъэщIэращIэу упсэуну ухуей уохъу».

(КIэухыр 2-нэ нап.).

«Ислъэмей» ансамблым и солистхэ ХъуакIуэ Сусанэ и макъ дахэм пшыхьым кьрихьэлIахэр дихьэхащ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 18, *махуэку*

♦Iэпхъуэшапхъуэм и дунейпсо махуэщ

♦ЗАГС-м и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Дыгъэгъазэм и 18 - 21-хэм Сочэ щекIуэкIынущ хоккейм-кIэ европэпсо зэхьэзэхуэ. Ар теухуащ Япэ каналым и Кубокыр кьэхьыным. Абы хэтынущ УФ-м, Финляндием, Швецием, Чехием я командэ кьыхэхахэр.

♦СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Никулин Юрий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Жамборэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Виктор** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Художествэхэмкlэ Урысей Академием, Испанием и сурэтыщIхэм я академием, ЩIДАА-м я академик **КIыщ Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-мрэ КЪБР-мрэ щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Федченкэ Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Тележурналист **Щоджэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 30 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жащым 1 градус щыхьынущ.

Дыгъэгъазэм и 19, *мэрем*

♦1866 гъэм Урысейм и Телеграф агентствэр къызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм ТАСС-р (Совет Союзым и Телеграф агентствэр) къызэрагъэпэщащ.

♦1939 гъэм Дзэ Плъыжьым и Iэщ1эжьэм къахэхъуащ Т-34 танк лIэужьыгъуэр. Хэку зауэшхуэм и зэманым ар уват къэралым и Iэщ1э нэхъыщ1хъэ дыдэхэм ящыщ зыуэ.

♦1984 гъэм Пекин Iэ щытрадзащ Гонконг и Iуэхум теуха зэгурыIуэныгъэм. Абы итк1а иткIэ, Великобританием Гонконгыр Китайм иритыжырт 1997 гъэм и бадзэуэгъуэм и 1-м кьыщыщIдзэауэ икIи ар КНР-м и щIыналъэ хэха хъумжырт.

♦Парт, къэрал лэжьакIуэ, маршал, Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Брежнев Леонид** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адмирал, ИщхьэрэЩ, Балтийскэ флотхэм я унафэщIу щыта **Головко Арсений** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, Дунейпсо литературэ институтым, Горькэм и цIэр зезыхьэм, и профессор **Алий Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Футболист Iэзэу щыта, СССР-ми РСФСР-ми я чемпион, КЪБР-м физкультурэмрэ спортымкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iэпщэ Александр** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Вертинская Анастасие** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Баскетболист цIэрыIуэ, олимп, дунейпсо, европэ чемпион, СССР-м и чемпионатхэм мызэ-мытIэу щыта кIуэ, Литвам баскетболымкlэ и федерацэм и президент **Сабонис Арвидас** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 6, жэщым градуси 2 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псышэд здэщыIэм хьэндыркъуакъуи щыIэщ.

Пшыхьхэм фрагъэблагъэ

КЪБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм дыгъэгъазэм и 19-м фрегъэблагъэ КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтым и лауреат Зумаколовэ Танзиля и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум теуха пшыхьым.

Апхуэдэуи дыгъэгъазэм и 22-м фрагъэблагъэ КЪБР-м и цIыхубэ усакIуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Тхьэгъэзит Зубер илъэс 80 зэрырикъум теуха пшыхьым.

Зэхьхьэхэр Налшык и Музыкэ къэрал театрым щекIуэкIынущ, сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щIидзэу.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкlэ фыпсалъэ хъунущ: **77-42-08; 40-31-49**.

Налшык щхьэкIэ Iэ фIэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык хэтщ «Город России - национальный выбор-2014» интернетIэ Iэтым. Мы зэманым дэ республикэм и къалащхьэр 12-нэ увыпIэм щыIащ.

Проектым и сайтым (http://город-россии.рф/) Iэ щыпIэт хъунущ 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 30 пщIондэ, махуэ къэс сыхьэт 15.00 хьуху. Абы папщIэ зэпеуэм хэт къалэхэм я цIэхэм яБгъукIэ къыщыт «IэтIэн» жьхуиIэм текъуэзн хуейуэ аращ. Iэ пIэтын е уи Iуэху еплъыкIэр къэбгъэлъэгъуэн папщIэ зыщIыпIи зыщебгъэтхын хуейкъым. Ауэ жэщ-махуэм кьриубыдэу Iэ пIэтыну уэзрыкуитыр зэщ.

«Урысейм и къалэ» интернет-проектыр къызэрагъэпэщащ пщэпкъ зыужьынигъэм хущхьэпэным, Урысейм и тхыдэ-щэнхабзэ щIэныр хъумэным, абы и щIыпIэ дахэхэм цIыхухэм гу лъегъэтэным хуэунэтIауэ.

НэхъыфIу къалъыта къалэм адэкIэ зиужьынымкlэ, и зэфIэкIым хигъэхъуэныкlэ Iэмалхэр иIэнущ, Урысейми нэгъуэщI къэралхэми абы и цIэр щыIынущ.

Зэпеуэр ирагъэкIуэкI Туризмэмкlэ федеральнэ агентствэм и нэIэм щIэту.

КЪБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацIхэмкlэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Уардэунэм хуэбгъэдэн гъэсапIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Премьер-министр Мусуков Алий Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэм щауххуа фельдшер-акушер пунктым а махуэ дыдэм щыIаш. Мы Iэхэущ1апIэри зыхуей псомкIи къызэгъэпэщащ, зэIэзэнухэм тыншыпIэ псори щагъуэтынущ. Къуажэр нэхъ зыгъэпIейтейхэм яущышщ курыт школым и щытыкIэр. Ар жьы дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыж, абы щебгъэджэну шынагъуэщ. Республикэм и Iэтащхьэм гъатхэпэ кIуам Правительствэм къалэн щищIащ етIанэгъэ къыхуаутIыпщыну мылъкум пэмыплъэу, школыщIэ ухуэным мы гъэм щIадзэну. А Iэхэум иужь ихьащ икIи зэрытраухуамкIэ, еджапIэщIэр илъэс къакIуэ къызэIуахынущ. Абы теухуа проектыр зыхуэфащэ IэнатIэкэм щызэхуагъэкIащ. Къищынэмыщ1ауэ, Правительствэм и Унафэщ1эр Жэмтхьэлэ цIыкIу псым телъ лъэмыжым еплъащ. Накъыгъэ кIуам къеха ятIэпсым ар трихат, гъуэгури зэхуищIат. Иджы Правительствэм и унафэкIэ псы икIыпIэм и лъабжьэр ягъэбыдэ, дунейм и къэхъукъащIэхэм ягъэщIэтыфын хуэдэу. Нобэ ирихьэлIэу лэжьыгъэм и процент 70-р зэфIагъэкIащ, дызыхуэкIуэ щIышылэм уэхэныгъэщIэр ятынущ. Мусуков Алий лэжьыгъэм и фIагъыр кIипщIатащ икIи ар зэрекIуэкIым арэзы техьэащ. Мы уэхэныгъэхэр къэрал-уней зэдэлэжьэныгъэ Iэмалым тету ирагъэкIуэкIащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КЪБР-м и Правительствэм

Ягъэмэщ1аи зыщ1агъуи щыIэщ

Дыгъэгъазэм и 11-м КЪБР-м и Правительствэм и Унэм зи мычэзу зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Мусуков Алий.

КЪР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Мишкова Ирина** КЪР-м 2014 гъэм, 2015-2016 гъэхэм ятещIыхьа и бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа законым и проектым ехьэлIауэ хэпсэльащ. Мишковэм зэрыжиIамкIэ, бюджетым елэжьын хуей хъуащ федеральнэ мылъку иджыри къаззрыхуэкIуам, апхуэдэуи дагъэ гъэсыныпхъэхэм я акцизымрэ транспортым техьэ налогымрэ зэрагъэмэщIам къыхэкIыу. Бюджетым и хэхъуэм щыщу зымыгъэзэж хэхъуэхэр сом мелардр мин 281-кIэ нэхъыбэ хъунущ, дагъэгъэсыныпхъэхэм я акцизхэм къапкIуэр сом мелуан 416-кIэ ягъэмэщIэнущ. Абы къишынэмыщIауэ, СпортымкIэ министерствэ кIэзэнэ Iэхэущ1апIэр бюджет Iэхэущ1апIэ зэрыхъуам къыхэкIыу, абыхэм пщIэкIэ ящIэ Iэхэутхьобзэхэм къапкIуэм сом мелуан 476-рэ кIэрыхуащ.

Къапщтэмэ, республикэ бюджетым сом мелуан 805-рэ къыхэхъуэнурэ бюджетыр псори зэхэту сом мелард 25-рэ мелуан 338,6-рэ хъунущ. Зымыгъэзэж хэхъуэхэм ящыщу республикэ бюджетым къыхуаутIыпщ субсидиехэр сом мелуан 748-кIэ хохъуэ, абы щыщу Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм хьэрычэт щIыкIумрэ ику итымрэ иридзIэпыкъуну иджыри сом мелуани 100 къыхуаутIыпщ. МэкъумэщI Iэнатlэмкlэ министерствэм къэрал программэ ирырагъэззэщIэн папщIэ сом мелуан 257-рэ иIэщ. Сом мелуан 51,3-рэ Дзэлыкъуэ районыр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэнущ, сом мелуан 74-рэ «Кристалл» спорт унэмрэ Пролетарскэ къуажэм дэт амбулаторэмрэ зыхуэИ хуэзэу ириэзрахьэну хухахащ. Ди республикэм и Iэуху щхьэхуэхэм тригъэкIуэдэну Москва хэт ахъшэр сом мелуани 165-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, ауэ щыхъукIи цIыху щхьэхуэхэм я коммунальнэ Iэхэутхьэбзэхэр яхуэтыным хухах мылъкур сом мелуан 36-кIэ нэхъыбэ, лэжьапIэнэшхэм ират пособиери сом мелуан 16-кIэ хэхъуащ. Мишковэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, гемофилие, мукоцитоз, гошые уз хьэлъхэр зэфыкIхэм федеральнэ мылъкум къыхэкIыу къыхуаутIыпщ ахъшэр сом мелуан 238-кIэ ягъэмэщIащ. Перинатальнэ Iэхэущ1апIэ яухуэным хухаха мылъкум и етIуанэ Iыхьэр, сом мелуан 644-рэ, къратащ.

Бюджет Iэхэущ1апIэхэм щылажьэхэм хухах ахъшэр сом мелуан 348-кIэ нэхъыбэ ящIащ, сом мелуанитIым нэблагъэ егъэджэныгъэм хухагъэхъуащ, мэкъумэш хозяйствэм и бюджетыр сом мелуан 32-кIэ нэхъыбэ хъуащ, Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатlэм щыкIэлъыплъыныжмкIэ къэрал комитетым и программэхэр иригъэззэщIэну сом мелуани 2,8-рэ хущIагъуащ. Республикэ бюджетым хуримыкъур сом мелардитхурэ мелуан 308-рэ мэхъу.

КъР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КЪР-м егъэджэныгъэмркIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхэухэмкlэ и министр **Емуз Нинэ** тепсэлъыхьащ 2013 - 2020 гъэхэм КЪР-м хабзэм къемызэгъ Iэхэу кьыщымыгъэхъунымрэ жылагъуэм и щынагъуэнщагъэр къызэгъэпэщыныжмкIэ къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным. Апхуэдзэу, я арэзыныгъэкIэ Iэщэ къэзытхэм ират ахъшэр сом 500-м щыщIадзауэ мин 60-м нэс ягъэмэщIащ. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ еБэныжмкIэ программэм сом мелуан 19-рэ мин 386-рэ хухахамэ, абы щыщу къагъэсэбэпар сом мелуани 10-рэ мин 925-рэщ. Ягъэмэщ1ахэм ящыщщ Iулъхьэ Iызыхэр зыгъэнахуэ хъыбар хабзэхъумэ Iэхэущ1апIэхэм езыгъэщIэхэм ират ахъшэ саугъэтыр. Апхуэдэу 2014 гъэм къэрал программэхэм трагъэкIуадэр сом мелуанибгъум щигъукIэ ягъэмэщIащ.

КЪР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Бакъ Николай** и гугъу ищIащ хамэ къэрал къикIауэ ди деж щылажьэхэм ятын хуей налогым. Федеральнэ хабзэм ар сом 1000 хъун хуейуэ, хэгъэгъуэм щыхагъэхъуэну е щыхагъэщIыну хуиту егъэбелджылы. 2015 гъэм цIыху щхьэхуэм деж щылажьэнум сом мин 1200-рэ, хъэрычэтыщIэхэм ядэлэжьэнухэм сом 500-м щыщIадзауэ мин 60-м нэс ягъэмэщIащ. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ еБэныжмкIэ программэм сом мелуан 19-рэ мин 386-рэ хухахамэ, абы щыщу къагъэсэбэпар сом мелуани 10-рэ мин 925-рэщ. Ягъэмэщ1ахэм ящыщщ Iулъхьэ Iызыхэр зыгъэнахуэ хъыбар хабзэхъумэ Iэхэущ1апIэхэм езыгъэщIэхэм ират ахъшэ саугъэтыр. Апхуэдэу 2014 гъэм къэрал программэхэм трагъэкIуадэр сом мелуанибгъум щигъукIэ ягъэмэщIащ.

КЪР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Бакъ Николай** и гугъу ищIащ хамэ къэрал къикIауэ ди деж щылажьэхэм ятын хуей налогым. Федеральнэ хабзэм ар сом 1000 хъун хуейуэ, хэгъэгъуэм щыхагъэхъуэну е щыхагъэщIыну хуиту егъэбелджылы. 2015 гъэм цIыху щхьэхуэм деж щылажьэнум сом мин 1200-рэ, хъэрычэтыщIэхэм ядэлэжьэнухэм сом 500-м щыщIадзауэ мин 60-м нэс ягъэмэщIащ. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ еБэныжмкIэ программэм сом мелуан 19-рэ мин 386-рэ хухахамэ, абы щыщу къагъэсэбэпар сом мелуани 10-рэ мин 925-рэщ. Ягъэмэщ1ахэм ящыщщ Iулъхьэ Iызыхэр зыгъэнахуэ хъыбар хабзэхъумэ Iэхэущ1апIэхэм езыгъэщIэхэм ират ахъшэ саугъэтыр. Апхуэдэу 2014 гъэм къэрал программэхэм трагъэкIуадэр сом мелуанибгъум щигъукIэ ягъэмэщIащ.

КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КЪР-м егъэджэныгъэмркIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхэухэмкlэ и министр **Емуз Нинэ** тепсэлъыхьащ 2013 - 2020 гъэхэм КЪР-м хабзэм къемызэгъ Iэхэу къыщымыгъэхъунымрэ жылагъуэм и щынагъуэнщагъэр къызэгъэпэщыныжмкIэ къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным. Апхуэдэу, я арэзыныгъэкIэ Iэщэ къэзытхэм ират ахъшэр сом 500-м щыщIадзауэ мин 60-м нэс ягъэмэщIащ. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ еБэныжмкIэ программэм сом мелуан 19-рэ мин 386-рэ хухахамэ, абы щыщу къагъэсэбэпар сом мелуани 10-рэ мин 925-рэщ. Ягъэмэщ1ахэм ящыщщ Iулъхьэ Iызыхэр зыгъэнахуэ хъыбар хабзэхъумэ Iэхэущ1апIэхэм езыгъэщIэхэм ират ахъшэ саугъэтыр. Апхуэдэу 2014 гъэм къэрал программэхэм трагъэкIуадэр сом мелуанибгъум щигъукIэ ягъэмэщIащ.

Ди налкъутналмэсхэр

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд и псалъэ.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ГупитIми екъулIэныгъэхэр зэпымыууэ яIэну екъуэхъуащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщIхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**. «Исльэмей» ансамблыр къызэрыунэхрэ я IэхэущIафэм сыщыгъуазэщи, сыт хуэдизрэ семыпIлъами, я макъ дахащэр, я зэфIэкIыр согъэщIагъуэ. Ар псом япэу зи фIыгъэр гупыр къызэзыгъэпэща Нэхей Аслъэнщ, Тхьэм хущIигъэхьэ иджыри лэжьыгъэ Iэщ1агъуэн къэдгъэ дигъэгъушхуэну. «Исльэмейр», «Кабардинка»-р, «Налмэсыр» диIэу дэ нэгъуэщI фIыгъуэ дыл1ыхьуэн хуейкъым. Пшыхьэр здекIуэкIым, театрым щIэсхэм жаIэу зэхэсхащ: «Мыпхэдэ фIыгъуэ (налкъутналмэс) диIэу адыгэр дыкI1эдыжьнкъым», - жиIащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд. Абы хьэщIэхэм тыгъэ яхуиIащ адыгэ лъэпкъым быхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа тхьылъхэмрэ бгъэхэIуэхэмрэ, удз гъэгъа дахэхэмкIэ яхуэупсащ.

Зи макъ лъэщ1ымкIэ псори дыдэзыхьэха, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ Хьуакlуэ Сусанн бысымхэм фIыщIэ яхуищIри, къыхиГъэщащ концерт ятам хуэдэ зэхьыбзэрэ къызэрагъэпэщмэ, гупым зэрафIэфIыр. «Дуней псом щыдгъэлъэгъуэн хабзэрэ фIыгъуэрэ адыгэ лъэпкъым диIэщ. Псори зыхуэтщIэжьр цIыхубэрщи, дызэрызэхащIыкIым папщIэ, Тхьэр арэзы къахухъу», - жиIащ Сусанн.

Пшыхь нэужьым ди хьащIэхэр КЪР-м и Лъэпкъ музейм ирагъэблагъащ, «Кабардинка»-м и сурэт ягъэлъагъуэхэм ирагъэплъну. Дунейпсо Арткомитетым Кавказ Ищхъэрэм щIэ къудамэм и унафэщI **Бейтыгъуэн Iэуес** зи лIыкIуэ Iэхэущ1апIэм къыбгъэдэкI дыщэ медалхэр «Ислъэмейм» и директорым и къуэдзэ Агъэшрэнокъуэ Саниятрэ «Кабардинка»-м и художественнэ унафэщI Атэбий Игоррэ яратащ. Илъэсыщ1э дызытехьэм мыпхуэдэ пшыхьэр нэхъ щIэхьурэ ящIыну дыкъагъэгугъащи, цIыхуэр абы зэрыпэплъэным шэч хэлъкъым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Атэбий Игорь «Ислъэмей» гупым фэеплъ ирет. *Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Адыгэхэм ди гупсысэр зэтехуэу щытын хуейщ

● Ди лъэпкъэгъуэр

Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм конференц иригъэкIуэкIащ ди лъэпкъэгъуэхэм я хэкур зэрабгынэрэ илъэси 150-рэ зэрыриткъуам теухуауэ.

МАХУИТIКIэ зэхэта зэхуэсым КАФФЕД-м, нэгъуэщI зэгъуэныгъэхэм я лIыкIуэхэм нэмыщI, Тырку Республикэм и Парламентым хэт партхэм я депутатхэри кърихьэлIащ.

Политологхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ зыхэта конференцым и къызэгъэпэщащIэхэм ящыщ, КАФФЕД-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Бырс Реджаи зэрыжиIамкIэ, зэхуэсым и къалэн нэхъыщхьэр хэхэс адыгэхэм иджыпсту я щыIэкIэ-псэукIэмрэ дяпэкIэ зиужь итыныхэмрэ ягъэнэIуэнырщ, акъыл зэхэдзэ ящIынырщ.

- Мы гъэм илъэси 150-рэ мэхъу дэ, адыгэр, хэхэс дызэрыхъурэ, - къыддогуашэ Реджаи. - Иджыри къэс зыгуэрурэ дыпсэуащ, дяпэкIэ дызрикIуну гъэгуанэр зыхуэдамрэ ди псэукIэмрэ къэптщIэтэкIыну, абы теухуауэ щыIэ чэнджэщхэм дедэIуэну аращ конференцым щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Адыгэхэм ди гупсысэр зэтехуэу щытын хуейщ, абы дыхуэныкъуэщ. Тыркум щылажьэ адрей Адыгэ зэгуэхьэныгъэхэм хэтхэми дахуэщащ, дызэдэлэжьэну дызэрыгъэлъагъуэ. Псоми адыгэкIэ къыщыдэджэкIэ, лъэпкъ Iэхэумкlэ дызэрыIыгъын хуейщ Iэмал имыIэу. Тыркум щыIэ Адыгэ зэгуэхьэныгъэхэр псори дызэгурыIуэу конфедерацэ духуэнымэ, нэгъуэщI Iэхэу инхэр къетхьэжьэнуми дызэгъусэу, зы лъэныкъуэкIэ дыплIэу, зы гупсысэм дытету щытпхъэщ.

- Хэкужьым сыт хуэдэ пыщIэныгъэ хуви1э?

Сыт хуэдэ Iэхэугъуэхэр зэфIэзгъэкIрэ хэкурысхэм я гъусэу?

- Адэжь лъахэм щылажьэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэт зэгуэхьэныгъэхэм я нэхъ иныр дэращ. Тыркум деж щылажьэ Адыгэ Хасэхэр дызэгъусэфмэ, дызэтехуэмэ, Урысейми нэгъуэщI къэралхэми ди Iэхэу нэхъ къыщикIынущ. Мы конференцым къыщыпсэлъахэм къыхэзыгъэща яхэтщ, адыгэхэм къатехьа лейр зыхуэдэр, зы мазэм къриубыдэу тенджжэ фIыщIэ Iуфэм цIыху мин 500 зэрыщыхэкIуэдар, адыгэхэр дунейм трахужыну зэрыхэтар. Ауэ абы щхьэкIэ дэ зы бэлыхь къытхуэщIэ жытIэу зыми и къурмакъейр дубыдыркъым, лейшхуэ къызэрытлъысар цIыхубэм ящIну дыхуэйуэ аращ. Къищынэмыщ1ауэ, зэгуэр ди лъэпкъым кьраха лейр къальытэу, нобэ ди хэку дыкIуэжьафу, хуейр тыншу итIысхьэжьафу щытыным дыщIохьуэпс. А Iуэхуэр куэдрэ къыщыIэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм.

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм ди лIыкIуэхэр хуэзати, къигъэгугащ ди зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр дяпэкIи ефIэкIуэну, ди щIалэгъуалэр хэкум щыIэ университетым щегъэджэнымкIэ, сабийхэр гъэмахуэ зыгъэпсэхуГъуэм гъэкIуэныжмкIэ сэбэп хъуну.

Конференцыр къыззыгъэпэщахэр мэгугъэ Тыркум щыIэ Шэрджэс зэгуэхьэныгъэхэм адыгэ политикэм теухуауэ яIэ зэгурымыуэныгъэхэри зэфIэха хъуну, зэгъусэу лъэпкъ Iуэхуэхэм телажьэну.

ЕМУЗ Баязыт.
Анкара къалэ

● Ди ныбжьэгъуэхэр

Дзыхь яхуэтщI хъуну?

Урысейм щыпсэуэхэм къызэралъытэжкIэ, Совет Союзым хьыбэу щыта къэралыгъуэхэм ящыщу, экономикэ зэхущытыкIэ и лъэныкъуэкIэ уи дзыхь нэхъ зэбгъэз хъунур Белоруссиерщ (66%), къыкIэлъыкIуэу Къэзахъстанырщ (45%).

НЭХЪАПЭМ Украинэр ещанэ увыпIэм щытащ, ауэ иджы абы и «щIыхуфэ» рейтингыр процентитIым нэскIэ нэхъ лъахъшэ хъури, и пIэм Азербайджанэр иуващ.

Жылагъуэм я Iэуху епIыкIэр гъэнэIуэнымкIэ Iэхэущ1апIэм и унафэщI Абрамов Константин илъэс къэс иригъэкIуэкI къэпщытэныгъэм кърикIуам журналистхэр щигъэгъуэзащ.

Нэгъабэ ирагъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэм елъытауэ Белоруссиемрэ Къэзахъстанымрэ ди къэралым иригъэз дзыхьыр нэхъ ин хъуащ. Къыдгуэту щыта къэралыгъуэхэм я унафэщIхэм ящыщу Урысейр зыдэлажьэхэм я пашэр Лукашенкэ Александрщ (61%).

Къыхэгъэщыпхъэщ абы иужьрей илъэсиплым къриубыдэу Белоруссием и пщIэр урысейхэм я деж къыщIэтын зэрыхъэзэфIэкIар. Абы папщIэ хэхаущ лэжьыгъэ гуэри ирагъэкIуэкIыни хуей хъуакъым, абыхэм «телажьар» къэралхэм яку дэлъ экономикэ зэхущытыкIэмрэ я зэпыщIэныгъэм зэрызиужьамрэщ. Къалэн пыуыкIа игъэззэщIащ Белоруссием и Президентым Украинэм къыщыхъуа кризисыр гъэзэкIуэжьным и гущIэ зэрыхилъхьами. Совет Союзым хьыхьэу щыта къэралыгъуэ пэрыту Белоруссиер 2010 гъэм къззылъытар процент 31-рэт, Урысейм и дамэгъуэкIэ щыгугъ хьыну зыбжар процент 23-рэщ.

Евразие экономикэ зэгухьэныгъэхэм иджыри къэралыгъуитIым я Iэхуу ефIакIуэми, абыхэм пщIэшхуэ хуащIыртэкъым ди цIыхухэм. Совет Союзым хэта къэралыгъуэхэм ящыщу нэхъ зыужьыныгъэфIэ зыгъуэта къэралхэм ящыщщ Армениер (9%), Къыргъызыр (5%). Зи гугъу тщIа къэралхэм Урысейм къыхуаIэ щытыкIэмрэ къыхуащI пщIэмрэ лъагэ дыдэщ.

Ауэ щыхъукIи ди къэралым исым я процентипIырщ Евразие экономикэ зэгухьэныгъэм хуэмейуэ къззыгъэлъагъуэр. «Дэ зэгухьэныгъэщIэхэм дащыщынэркъым, узыуэфIрамэ, зы «уэнэхуэм» дыкуэзнащIащ», - жиIэ Абрамов Константин. «Урысейр Евразие зэгухьэныгъэм зэхъуэкIыныгъэфIэмкIэ щогугъ», - дыщIегъуж абы и псалъэхэм.

«Российская газета».

● Израиль

Шэрджэс къуажэхэм - гулъытэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м Израилым и Правительствэм унафэ кьищтащ шэрджэс, друз къуажэхэм илъэситхум кьриубыдэу зэрызэрагъэужьыну программэм и япэ Iыхьэм теухуауэ. Апхуэдэ хъыбар кьитащ премьер-министрым и пресс-Iуэхущ1апIэм.

ЗИ ГУГЪУ ящI программэм хохъэ къуажэдэсхэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыныр, турист, егъэджэныгъэ Iэнатlэхэр егъэфIэкIуэныр, транспорт, ухуэныгъэ, энергетикэ инфраструктурэм зегъэужьыныр.

Программэр зэрыщыту къапщтэмэ, шекель мелларди 2 текIуэдэнущ.

Правительствэм и зэIущIэм премьер-министр Нетаньяху Биньямин щыжиIащ: «Шэрджэс, друз къуажэхэм зегъэужьыным хуэгъэпса программэм ипкъ иткIэ, псэукIэр езыгъэфIакIуэ Iэнатlэ псори зыхуэИ хуэзэу кьыззгъэпэщыным ахъшэ хъарзынэ хухахащ. Махуэ зыбжанэ и пэкIэ друз зэгуэхьэныгъэм и тхьэмадэ Тарикъ Муафак сыхуэзати, социально-экономикэ щыщIэныгъэхэр гъэкIуэдыныжмкIэ программэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр жеIащ. Апхуэдэуи фIыщIэ хуэсщIащ друз, шэрджэс полицейхэмрэ дзэм хэтхэмрэ ди къэралым и щынагъуэнщагъэр зэрыщынэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIым щхьэкIэ.

Друзхэмрэ шэрджэсхэмрэ дыдейщ, ди гъусэу зауэм ныIуохьэри, ди лъэпкъым папщIэ зрагъэкI. Сэ къызэрысльытэмкIэ, кьетхьэжьа Iуэхур и щыхьэтщ абыхэм яхуэтщI фIыщIэм».

Интернетым къитхьыжащ.

● Ди ныбжьэгъуэхэр

Дзыхь яхуэтщI хъуну?

Урысейм щыпсэуэхэм къызэралъытэжкIэ, Совет Союзым хьыхьэу щыта къэралыгъуэхэм ящыщу, экономикэ зэхущытыкIэ и лъэныкъуэкIэ уи дзыхь нэхъ зэбгъэз хъунур Белоруссиерщ (66%), къыкIэлъыкIуэу Къэзахъстанырщ (45%).

НЭХЪАПЭМ Украинэр ещанэ увыпIэм щытащ, ауэ иджы абы и «щIыхуфэ» рейтингыр процентитIым нэскIэ нэхъ лъахъшэ хъури, и пIэм Азербайджанэр иуващ.

Жылагъуэм я Iэуху епIыкIэр гъэнэIуэнымкIэ Iэхэущ1апIэм и унафэщI Абрамов Константин илъэс къэс иригъэкIуэкI къэпщытэныгъэм кърикIуам журналистхэр щигъэгъуэзащ.

Нэгъабэ ирагъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэм елъытауэ Белоруссиемрэ Къэзахъстанымрэ ди къэралым иригъэз дзыхьыр нэхъ ин хъуащ. Къыдгуэту щыта къэралыгъуэхэм я унафэщIхэм ящыщу Урысейр зыдэлажьэхэм я пашэр Лукашенкэ Александрщ (61%).

Къыхэгъэщыпхъэщ абы иужьрей илъэсиплым къриубыдэу Белоруссием и пщIэр урысейхэм я деж къыщIэтын зэрыхъэзэфIэкIар. Абы папщIэ хэхаущ лэжьыгъэ гуэри ирагъэкIуэкIыни хуей хъуакъым. Совет Союзым хэта къэралыгъуэхэм ящыщу нэхъ зыужьыныгъэфIэ зыгъуэта къэралхэм ящыщщ Армениер (9%), Къыргъызыр (5%). Зи гугъу тщIа къэралхэм Урысейм къыхуаIэ щытыкIэмрэ къыхуащI пщIэмрэ лъагэ дыдэщ.

Ауэ щыхъукIи ди къэралым исым я процентипIырщ Евразие экономикэ зэгухьэныгъэм хуэмейуэ къззыгъэлъагъуэр. «Дэ зэгухьэныгъэщIэхэм дащыщынэркъым, узыуэфIрамэ, зы «уэнэхуэм» дыкуэзнащIащ», - жиIэ Абрамов Константин. «Урысейр Евразие зэгухьэныгъэм зэхъуэкIыныгъэфIэмкIэ щогугъ», - дыщIегъуж абы и псалъэхэм.

«Российская газета».

● Бжыгъэхэм къаIуатэ

Iэщ1агъэ шынагъуэ

2014 гъэм къриубыдэу я лэжьыгъэ Iэнатlэм пэрыту яку1ащ журналист 66-рэ, гъэр ящIащ 119-рэ. А бжыгъэхэр къыщыхьащ «Гъунапкъэ зымыщIэ репортёрхэр» дунейпсо хабзэхъумэ зэгуэхьэныгъэм и лэжьыгъэхэр къызэрипщытэжа тхыгъэм. Абы къызэрыщыхьамкIэ, СМИ-м и лэжьакIуэхэм я деж1э иджыпсту нэхъ къэрал шынагъуэ дыдэр Сириеращ. Мы гъэм абы щаукIащ репортёр 15. ЦIыхуи 7 зэкIуэдащ Къызэкъыпщ1ыгъэхуэр къзгъэнэIуэным пэрыту. Украинэм щаукIащ журналисти 6. Ливиемрэ Иракымрэ корреспонденти 8-м я псэр щатащ. 2013 гъэм еплъытмэ, зи къалэн зыгъэзащIэу мы илъэсым зэкIуэда журналистхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэщ - нэгъабэ журналист 71-рэ яуIащ щытащ.

Тхыгъэм къызэрыщыгъэлъагъуамкIэ, гъэру яубыда репортёрхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хуэщI. Апхуэдэу 2014 гъэм дуней псом гъэру щаIыгъащ репортёри 119-рэ. Абы и лъэныкъуэкIэ нэхъ шынагъуэу щытащ Украинэр. Абы гъэр щащIащ журналист 33-рэ. Ливиеми - 29-рэ, Сириеми - 27-рэ, Иракыми - 20 щаубыдащ.

2014 гъэм я Iэщ1агъэм теухуауэ ягъэкIуэнщауэ лъэхъуэщым исащ журналисти 178-рэ.

«Российская газета».

ЩIэныгъэншагъэм и лъахэ

● Егъэджэныгъэ

Америкэм и къэпщытакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, цIыхуэм зрагъэгъуэт щIэныгъэр уэхъгъэуэбжьу щыпхъэшэщ дунейм псом. Абыхэм къыззрабжамкIэ, дунейм тету хъуам цIыхупщI къэс зы яхэтщ мытхэфу, емыджэфу. БжыгъэкIэ ар къэрал зэхуэмыдэхэм щыпсэу цIыху мелуан 781-рэ мэхъу. Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кърикIуахэр къыщыхьащ «Глобалист» америкэ къэхутакIуэ центрым игъэхьэзыра тхыгъэм. Абы егъэIаIуэ Е?IуанэрэщIэнэ зауэм и ужькIэ щIэныгъэншагъэм пэщIэтыныжмкIэ Iэмалхэр щIагъэхуэбжьауэ зэрыщытар, ди лъэхъэнэм дуней псом щIэныгъэншагъэр къызэрефыкIым гу зэрылъытапхъэр.

1950 - 1990 гъэхэм дуней псом щIэныгъэр процент 56-76-кIэ щыдзуеят, къыкIэлъыкIуэ илъэсипщIым процент 82-м нэсат, ауэ 2000 гъэм а бжыгъэм хэхъуар процентитI къудейщ. Щ1эныгъэр щынэхъ лъахъшэ дыдзу къахутащ Африкэ Курыхьымрэ Азие КъуэхэIэпэмрэ - тхэкIэ, еджакIэ зымыщIэхэм я бжыгъэр цIыху мелуан 579-м щынос абыхэм. Апхуэдэу щIыщытым и щхьэусыгъэр щIэныгъэлIхэм хуахъ а щIыналъхэм щыпсэуэхэр зэрытхъэмыщIкIэм, зыхуей зэрыхуэмыязм.

«Дунейпсо щIэныгъэншагъэм и процент 76-р абыхэм я деж щыболъагъу», - къыщыхьащ тхыгъэм. Экспертхэм жаIэ, Ищхъэрэ Азиемрэ Къухьэпlэ Азиемрэ щыпсэу щIалэгъуалэм я щIэныгъэр зэрыжьхъэм ябгъэдэлъым нэхърэ зэрынэхъ куур.

ЮНЕСКО-м къызэрибжамкIэ, дуней псор къызэщIебгъэубыдэжа, илъэс 15-24 хуэ ныбжьыщIэхэм я процент 90-м щIэныгъэ ябгъэдэлъщ. «Зэ еплъыгъэкIэ, а бжыгъэр мащIэкъым. Ауэ, итIани, абы къеГъэлъагъуэ дунейпсо щIалэгъуалэм ящыщу мелуани 126-м тхэкIэ, еджакIэ зэрамыщIэр», - игъэнэIуащ къэхутакIуэ центрым.

«Российская газета».

ПIланэрэр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.